Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение
«Тлярошская средняя общеобразовательная школа»

# СЦЕНАРИЙ

## «МАЦ1 ГЬЕЧ1ОНИ, МИЛЛАТ ГЬЕЧ1О»

Составитель: Исмаилова Патимат Музаровна.

2018г.

Жегиги руго Расулил гъадина рагIабиги:

Лъаларо МухIамад цойгидазул иш,
Амма дица дирго рахъалъ абила:
Метер магIарул мацI хвезе батани,
Хвайги дун жакъаго, жаниб ракI кьвагъун – ан.

**Вед-** Расулил рагIаби тасдикъ гъаризе, жиндирго рекIелъ бугебги бицине рагIи кьезе бокьун буго Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель МухIамад АхIмадовасе.

- **МухIамад АхIмадов** (*рагIи*)

**Вед-** Баркала МухIамад АхIмадович Къабул гъабе дуе сайгъат гъабун 10аб. классалъул цIалдохъан Мусаева ПатIиматица рикIкIунеб «ЧIужугIадан» абураб кечI рагIаби МухIамад АхIмадовасул.

- **Декламация Мусаева П.**

**Вед -** ГIодор чIаразе кечI сайгъат гъабула Аминат Зубероваль.
- Аминат Зуберова.

**Вед-** МухIамад Гунашевас жиндирго «Рахьдал мацI» - абураб кочIолъ хъвалеб буго гъадин.

Амма рахьдал мацIалъ цIар ахIулаго,
ЦIорорал мугIрузда гIазу биуна.
ГIолилал гьимани гьеб мацIалъ кIалъан,
КIанцIула гIазулъан гIищкъуялъул тIегь.

Гьеб мацIалъ хваразухъ дугIа гъабуни,
МагIил цIола берал бахIарзазулги,
Бертабалъ гьеб мацIалъ кечI ахIанани,
Каранда къурдула ракI херасулги – ян.

**Вед** – Гьаб мажлисалда хурхун жиндирго пикраби загъир гъаризе рагIи кьола нижехъе вачIине заман батаралъухъ баркалаги кьолаго филологиял гIелмабазул доктор МуртазагIалиев АхIмадие.

- **МуртазагIалиев АхIмад** (рагIи)

**Вед** – Баркала АхIмад дуеги сайгъат буго МухIамад Камиловичасул цIалдохъабаз ахIулеб «Авар мацI» абулеб кечI рагIаби Расул ХIамзатовасул.

- **Трио (МухIамадова, ГIумарова, Дибирова).**

**Вед -** Микьабилеб классалъул цIалдохъан Сиражудинова ПатIиматие рагIи кьола МахIач МухIамадхановасул рагIабазда «Кьорош школа» абураб кечI рикIкIине.

- **Декламация Сиражидуннова П.**

**Вед** – Баркала нужее ракӀалдещвеязухъ. МагӀарулазул гӀумруялдаса, гӀадамазул къисматалдаса, къарнуялъул пашманлъи-рохелалдаса, гӀасруялъул намусалдаса шагӀирасул кьо тӀечӀо. Гьеб кьода тӀад борхун ккун цояб квергун, каранда лъун цогияб квергун, бекизабун тӀад лъун хурайсингун вихьула нилъеда гьев – магӀарул шагӀир, вагъизе кканани вагъулев, велъизе кканани велъулев, гьудуласда кверзул хинлъи лъалев, тушманасда зарул бакӀлъи бичӀчӀарав. Амма нилъее, хасго чӀарадисезе ГӀумархӀажи кидаго чӀаго вуго ва чӀухӀилъун вуго.

**Вед** - МухӀамад АхӀмадовасул «Дие бокьун буго» абураб кечӀ рикӀкӀине рагӀи кьола анцӀабилеб классалъул цӀалдохъан Рашидова ХӀалиматие.
-**Декламация Рашидова ХӀалимат.**

**Вед** – ГӀодор чӀаразе кечӀ сайгъат гьабулеб буго Наида Ибрагьимовалъ.
- **Наида Ибрагьимовалъ.**

**Вед** – Нилъехъе гьоболлъухъ руго районалъул Авар мацӀалъул адабияталъул мугӀалимзаби . РагӀи ________________________________

**Вед** – Баркала ________________________________
Къабул гьабе нужое сайгъат гьабун Сабрият ХӀабибулаевалъул рагӀабазда Шапиевас ва АбдурахӀмановас ахӀулеб «МугӀалимасде» абулеб кечӀ.
**Кьорош школа – Дуэт.**

**Вед** – ИчӀабилеб классалъул цӀалдохъан Сиражидунова МухӀамадтӀагьирица рикӀкӀунеб буго Расул ХӀамзатовасул «**Авар мацӀ**» абулеб кечӀ.
- **Декламация – Сиражудинов МухӀамадтӀагьир.**

**Вед** – РагӀи кьолеб Лъай кьелъул управлениялъул метод отделалъул заведующий ГӀалигӀумар Шариповасе.
- **ГӀалигӀумар Шарипов.**

**Вед** – Баркала ГӀалигӀумар Ибрагьимович дуе ва дур цӀаридасан тӀолалго мугӀалимзабазе. «Рахьдал мацӀ» абураб дирго рагӀабазда кечӀ сайгъат гьабулеб буго дица нужее.
- **Жавгьарат ХӀасанхӀусанова.**

**Вед** - Казбек районалъул Гуни росулъа Зияудин Жамалудиновасул р
гьадинал раг1аби.

Умумузул г1адат г1одоб рехани,
Г1одор реч1ч1ула нилъ г1умрудул нухда,
Бак1алъул къаг1ида к1очене тани,
К1оларо ц1унизе адабгин х1урмат.

Абуге, г1адамал заман хун бугин.
Холарин дуниял нилъго гурони,
Намусги, хатирги щулаго ккуни,
Щивасда г1аданлъи чорхолъ бук1ина.

Умумузул г1адатги, г1амалги жинда лъик1 лъалев, рахьдал мац1 бац1ц1адг ц1униялъе к1удияб бут1аги жинца лъолев Дагъистаналъул мустах1икъа учитель Г1алибег Мух1амадовичасе раг1и.

- **Г1алибег Мух1амадович.**

**Вед** - Баркала Г1алибег Мух1амадович .Рук1айги нилъер лъимал, г1адаталги бак1алъул къаг1идаги, рахьдал мац1ги к1очонареллъун. Дуеги ва дур г1умруялъул гьудул Байзатиеги сайгъат гьабулеб буго Раисат Халикъовалъ ах1улеб гьаб кеч1ги.

- **Раисат Халикъова.**

**Вед** - Гьалдалъун нилъер дандеруссин лъуг1изе толеб буго. Дарабазде черх ккогеги, чияр ц1обалде рукъ ккогеги, сапаралъ ругел рокъоре лъик1 щваги, рокъор ругел лъик1 ратаги.

Ч1арадисезул гимн ах1изе рес кьолеб буго киназего.

сценарий

## Программа :

1. Танец - Алибег и Байзат .
2. Слово – Магомед Камилович
3. Декламация – Ниматулаевой А.
4. Инд. песня – Омара Тахиева
5. Слово – Магомед Ахмедову
6. Декламация – Мусаевой
7. Инд. песня Аиминат Зуберовой
8. Слово – Муртазалиев Ахмед
9. Трио – Магомедовой, Омаровой, Дибировой.
10. Декламация – Сиражудиновой Патимат.
11. Слово - Магомедханову М.
12. Декламация – Вагабовой
13. Инд. песня – Гасангусеновой С.
14. Слово Али Камалову
15. Инд. песня Айшат Зуберовой
16. Слово Ибрагимову М.М.
17. Инд. песня Анвар Раджабова
18. Воспоминание о Шахтаманове Шагьав и Магомед
19. Декламация Рашидовой Х.
20. Инд. песня Наиды Ибрагимовой
21. Слово- учителю ________________
22. Дуэт Шапиева и Абдурахманова
23. Декламация Сиражудинова М-Т.
24. Слово - Алиомар Шарипов
25. Инд. песня Жавгарат Гасангусеновой
26. Слово - Алибег Муртазалиев
27. Инд. песня Раисат Халиковой
28. Гимн чародинский